



Mharidzo Yokuuya Kwake

Zvose Kumbiri YaKristu

NaRich Carmicheal

MuShoko ravo Jehovha Mwari vedu vanotiyambira **kuti** panerimwe ramazuva ano **okuguma** pachave nokuzungunuswa kukuru kunotyisa kuchaitika pasi rose: “*Chenjererai kuti murege kuramba iye anotaura...Panguva iyo iya inzwi rake rakazungunusa nyika yose...asi zvino akativimbisa iye achiti, ‘Ndichazungunusazve kamwe chete, kwete nyika chete asi nedengawo’*” [VaHebheru 12:26]. Tirikuzvionerawo nhasi zvezvinoreva kuzungunuswa kwezvinhu zvose. Tarirai mashandukire aita upenyu hwedu muchinguvana chiduku-dukusa nokuda kwechirwere cheshuramatongo ichi cheCorona. (**Nokuda kwaizvozvi**) Tirikurangaridzwa nekushaya maturo kwoupenyu hwedu, kushaya maturo kwedzinyika munezvoupfumi uyewo kuti zveramangwana hatizivi zvichaitika.

Totenda Mwari **zvikuru** kuti varikutonga pamusoro pamafashamu emvura uye kuti ndiIshe vanotongazve nokusingaperi. “*Jehovha anogara pachigaro choushe chemafashamu emvura; Jehovha anogara ari Mambo nokusingaperi*” [MaPisarema 29:10]. Zvose zvirikuitika izvi zviri pasi poruoko rwavo, uye vari kushanda kuti zvose zvienederane nokuronga kwavo uye nokuda kwavo. Kana imo munguva ino yemanyama imire nerongo isu **savatendi** tineichi chivimbo: “... *kuti muzvinhu zvose Mwari vanoita kuti zviitire zvakanaka kuna avo vanomuda, uye vaya vakadanwa sezvaakafunga*” [VaRoma 8:28].

Yave Nguva Yokutendeuka

Tine mukana mukurusa pachinguvana ichochi chatiri kuti pave nokushanda kukurusa kwenyasha dzaMwari muupenyu hwedu. Danidzira yaMwari muzinguva-mushura ratiri **iyi**, kuzvinipisa, kunyengetera, kutsvaga uso hwavo **Mwari** uyewo kutendeuka kubva ku zvakaipa zvedu zvose. “*Kana ndikapfiga matenga kukasava nemvura inonaya kana kuti ndikarayira mhashu kuti dziparadze nyika kana kuti ndikatuma denda pakati pavanhu vangu, kana vanhu vangu vanodanwa nezita rangu vakazvinipisa vakanyengetera, vakatsvaga chiso change, vakatendeuka kubva panzira dzavo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga uye ndichavaregerera chivi chavo uye ndichaporesa nyika yavo*” [2 Makoronike 7:13-14].

Zvino yave nguva yokutendeuka kukuru kubva kuchivi chezvenyika mupenyu hwedu, nguva yokushandura

mararamiro edu totarira kuizvo zvakakosha **zvokudenga**, kana kuti **kutendeukira** kuuyo Wakakosha, zvikurusei pazvomweya. Hapana fembera fembera nhasi kuti vazhinji vedu hatasisina rudo rwuya rwokutanga runopisa kuna Jesu Ishe wedu sezvatinofanira kuva, asi kuti tatonhoresa, tiri kuvhiringidzwa nezvenyika, zvakare hatisisina hany’a (**hatichabatikani**) nechivi muupenyu hwedu kana muKereke yaShe. Munguva zhinjisa tiri kushaya samba zvikuru pamweya uyezve hatina hany’a nevamwe icho chinofanira kuva chirakidzo chedu chikuru savatendi.

Mwaka watirikurarama ikozvino unofanira kuva hwa- manda inomutsindo yokutimutsa tose. Sokukomekedzesa kwamupositori Pauro: “...*itai izvi muchinzwisisa nguva ino yatiri. Nguva yasvika zvino yokuti mupepuka kubva kuhope nokuti ruponiso rwedu rwava pedyo kupfuura zuva ratakanga kutenda. Usiku hwava kutopfuura kwava kutoedza. Saka ngatirasei mabasa edu erima uye tipfeke nhumbi dzokurwa dzechiedza...*” [VaRoma 13:11-12]. Muzvimwe chetezvo mupositori Petro anotikurudzirawo **pazvimwe chetezvo** achiti: “*Vadikani kuguma kwezvinhu zvose kwava pedyo. Naizvozvo ndangariro dzenyu ngadzichene uye muzvidzore kuti mugogona kunyengetera*” [1 Petro 4:7].

Panodiwa kwazvo nguva yokutendeuka. Kristu vakatanga ushumiri hwavo nekudanidzira vanhu vose kukutendeuka [Mateo 4:17], uye kubudikidza netsamba dzake kumaKereke manomwe, mubhuku yaZvakazarurwa, vanoendererazve mberi vachidanidzira: “*Vose vandinoda ndinovatsiura uye ndinovaranga. Saka tendeuka kuzvivi zvako ushumire nokushingaira*” [Zvakazarurwa 3:19; enzanisawo na 2:5, 16, 21-22, 3:3].

Yasvika zvino nguvazve yokuti Kereke igadzirire kudzokerazve kwaJesu Kristu [Zvakazarurwa 19:7]. Apo takamirira “*tariro inobwinya nekuratidzwa pachena kunobwinya kwaMwari mukuru uye kweMuponesi wedu, Jesu Kristu, uyo akazvipa kuti atidzikinure kubva pakuiipa kwose, nokuzvinatsira vanhu vari vake chaivo vanoshingairira kuita zvakanaka,*” tinofanira kurambisisa zvinhu zvose zvisina umwari, nokuchiva kwenyika, uye tirarame upenyu hwokuzvidzora hwokururama uye hwoumwari munguva ino [Titosi 2:11-14]. Tinofanira “*kushingairira kuti tiwanikwe tisina gwapa, tisina chatinopomerwa uye tine rugare nokuyanana*” (Inoenderera Mberi Papeji 2)

naye” [2 Petro 3:14]. Sokukurudzira kwomunyorori kuva Hebheru, sezvo tiine gore guru rezvapupu zvakatipoteredza kudai, “ngatibviseiwo zvose zvinoti remera nechivi chinongotinamatira nyore nyore, timhanye nekutsungirira nhange-mutange yakaiswa pamberi pedu, takatarisa kuMumiririri wedu Mukuru uye Mukwanisiri wokutenda kwedu, *Ishe Jesu Kristu. (Uyo) Akatsungirira pamuchinjikwa wokutambudzwa nokuda kwemufaro waive wakaiswa pamberi pake, akashora kunyadziswa kwawo, uye pamhedzisiro akanogara kuruoko rworudyi rwechigaro cheumambo chaMwari*” [VaHebheru 12:1-2]. Yave nguva **vadikani** yokutedeuka kubva kuzvisina maturo toisa mwoyo yedu yose panaIshe wedu Jesu Kristu.

Kristu Ndiye Zvose

Mhedzisiro yazvo zvose ndeyokuti zvose zvinofanira kunoitirwa Iye uye neukama hwedu naye. Tose takasikwa naye, uye takasikirwa iye [VaKorose 1:16] – kurarama kwedu kwakaitirwa kubwinya kwake. Tiri vake sevaya vakadzikinurwa neropa rake – “ropa rinokosha raKristu, uyo ari gwayana risina charingapomerwa uye risina kuremara” [1 Petro 1:19]. Tiri nhengo dzomuviri wake, iyo Kereke yake: anotida **zvikuru sei** uye akazvipira upenyu hwake nokuda kwedu [VaEfeso 5:25]; uye zvakare nerimwe ramazuva ano arikuzodzoka kuzotitora kuti tive naye nokusingaperi [Johane 14:1; 1 VaTesarenika 4:17].

Pazvinhu zvose Iye [Kristu] ndiye mukuru [VaKorose 1:18]. Ndiye oga Mwanakomana waMwari, uye Mwari vakamuita Mudyi wenhaka munazvose [VaHebheru 1:2]. Ndiye “...Alpha naOmega, Wokutanga newekuGuma” Uyo “aripo, uye aivapo uye ari kuuya, WeMasimba ose.” Ndiye “mufanakidzo waMwari asingaoneki, dangwe rezvisikwa zvose” [VaKorose 1:15]. Iye “anotangira zvose uye zvinhu zvose zvinobatana maari. Ndiye musoro woMuviri iyo Kereke yake, ndiye wokutanga uye ndiye Dangwe ravakamuka kuvakafa kuitira kuti pazvinhu zvose iye ave mukuru” [VaKorose 1:17-18]. Ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo. Anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba uye agere kurooko rworudyi rwaMambo wokumusoro-soro [VaHebheru 1:3]. Iye aiva kuna Mwari kubva pakutanga, uye kumapedzisiro zvinhu zvose zvichaperera maari, nemhaka yokuti muurongwa hwavo Mwari vachauyisa “pamwe chete zvinhu zvose zvirira kudenga nezvirira panyika pasi pomusoro

mumwe, iye Kristu” [VaEfeso 1:10]. Kana iko zvino nechikonzero ichi, “Mwari akamukwidziridza pachinzvimbo chepaMusoro-soro, akamuratidza mutsa nekumupa zitariri pamusoro-soro rinopfuura mamwe mazita ose, kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame, evaya vari kudenga nevaya vari panyika nevaya vari pasi pevhu, uye kuti rurimi rwose rubvumenokupupura pachena kuti Jesu Kristu ndiye *Ishe kuti Mwari Baba vakudzwe*” [VaFiripi 2:9-11].

Kurarama Kwedu NdiKristu

Ino inguva **vadikani vaShe** yokutendeutsira zvose zvedu kuna **Ishe Jesu** Kristu. Inguva yokuti tiverenga zvedu zvose “sokurasikirwa hako kana zvichienzaniswa noukuru hunopfurikidza zvose hwokuziva Jesu Kristu” uye kuti “tiwane Kristu uye nesuwo tigoanikwa maari” [VaFiripi 3:8-9]. Tine chikwereti munazvose kuna Kristu uye tinofanira kuraramira kubwinya kwake uye nokusingaperi. Sokutaura kwamupositori Pauro, muzvakanyorovera asi zvine simba anoti iye, “Kurarama kwedu ndiKristu” [VaFiripi 1:21].

Apo tinodai kumutsurudza kuzvipira kwedu kuna Kristu, dai Kristu vatizadzawo zvinomwashukira nokufashukira noupenyu hwavo nerudo rwavo, upenyu hwavo, mufaro wavo uye nekuvimbika kwavo; utsvene hwavo, simba ravo, kutsungirira kwavo nokushingairira kwavo; kuzvininipisa kwavo, unyoro hwavo uye nesimba ravo; Dai Kristu vatizadzawo zvinomwashukira nokufashukira nokushingairirawo kwavo; kutenda kwavo, kuyemurika kwavo uyewo nokukunda kwavo. Dai tikadzawo nokubwinya kwake uye nesuwo tigoratidzawo kubwinya kwake kuti vamwe hama dzedu vagoswededzwa kwaari nokuda kwoupenyu hwedu. Dai shoko rake ragara matiri zvakazara, uye nesimba roMweya Mutsvene, dai nesuwo tamushumira kudzinzvimbo dzose dzakati komberedza, kubudikidza namanzwi atinotaura noupenyu hwedu hwatinorarama, zvikuru sei apo tinotaririra kukudzoka kwake uye nokuupenyu husingaperi. (**Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinotaura Mweya kuKereke**)

“Ndipo Iye anapatsa ena akhale atumwi; ndi ena aneneri; ndi ena alaliki; ndi ena abusa; ndi ena apunzitsi; kuti akonzere oyera mtima kuntchito ya atumiki, kumangirira thupi la Khristu; kufikira ife tonse tikafikira ku umodzi wa chikhulupiro, ndi wa chizindikristo cha Mwana wa Mulungu, kwa munthu wangwiro, ku muyeso wa msinkhu wa chidzalo cha Khristu...” [VaEfeso 4:11-14 in Chewa].

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichiederana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamoto. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune veGospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A.

Mukoponori nomupepeti **weMharidzo Yokuuya Kwake**: Godfrey Ndirwenyu. Tumirai minamoto, zvikumbaro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe.

E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Nhamba dzembozharunhare dzinoti +263 772 929673. +263 292 498041

Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Pastor Promise Nyathi, Pastor Maxwell Matewe

Zvidzidzo ZveBhaibheri...

Mavakirirwe eBhaibheri Shoko RaMwari

NaMfundisi Zivai Shoko

Zvinyorwa zvinotevera pamuro peBhaibheri Shoko raMwari, zvakaitirwa kukubatsira iwe somuKristu kunzvera nokunzwisisa shoko raMwari. Asika tisati tapinda muizvo zvakakosha zvinoudzama hweShoko raMwari, pane zvikuru zviviri zvitatu zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu. Izvi ndicharamba ndichizvitaure kusvika weDenga andidanira kuMusoro.

Hoko yokutanga ndeyiyi “*Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwanisirwe kwazvo, agadzirirwe mabasa akanaka*” [2 Timoti 3:16]. Achigutsurirawo kumashoko iwaya mupositori Petro anotiwo naye, “*munofanira kunzwisisa (chinhu ichi) kuti chiporofita chose chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Hakuna chiporofita chakatongouya nokuda kwomunhuwo zvake, asi kuti vanhu vakataura zvaibva kuna Mwari vachisundwa noMweya Mutsvene*” [2 Petro 1:20]. Naizvozvo chokwadi chitnofanira kubatisisa ndichochi chokuti, **Bhaibheri**, ishoko raMwari (**The Bible is the WORD OF GOD**), uyezve kuti rakatakura mifungo yaMwari. Mumagwaro aMwari Matsvene munotaurwa mashoko ouchenjeri kuvanhu vakuru nevadiki pamweya, asi kwete uchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino. Bhaibheri rinotaura nezvouchenjeri hwaMwari hwakavanzika, uchenjeri hwakanga hwakafukidzwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu isu naMwari nyika ino isati yavapo.

Hoko yechipiri ndeyiyi: “*Shoko raMwari ibenyu uye rine rose simba (the Word of God has life and power). Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi ose, uye rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo uye rinotonga mifungo nendangariro dzomweya*” Amen! [VaHebheru 4:12]. Shoko raMwari rine upenyu uye rine simba rose (**the Word of God has life and power**). Uswa hunooma uye maruva anowa, asi Shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi [Isaya 40:8]. “*Kudenga denga kwakaitwa neshoko raJehovha, hondo dzenyenyedzi dzako, [dzakaitwa] nokufema kwomuromo wake...Nokuti iye akataura zvikaatika, akarayira zvika-mira*” [MaPisarema 33:6, 9].

Imwezve hoko yakakosha ndeyiyi: Rava Bhaibheri rako mazuva ose (**read the Word of God every day**). Sarudza nguva nenzvimbo yakaterama uye kana zvichibvira, sendekera padivi nguva nenzvimbo zuva roga-roga yokuverenga nokufungisisa pamusoro pamashoko aunenge uchiverenga (**meditate**). Nguva yako ichava yakaropfadzwa zvikuru

kwazvo [uye uchawana pundutso] kana ukazvidzivisa nokuzvidzidzisa kamuitiro ikaka kokutora nguva yokuverenga shoko raMwari. Vachitaura mubhuku yaMateo, Ishe Jesu Kristu vanoti ivo, “*munhu haararami nechingwa chete asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari*” [4:4]. Zvoveva izvo, kuti, kuti munhu anyatsorarama upenyu hwakazara, hwakatsiga, hwakadzikama, uye hunotapira anofanira kuva nokudya kuviri, kwenyama uye nekwo-pamweya. Kwenyama aiwaka handingatauri nezvako tinoviziva: sadza nomukaka, chingwa, putugadzike nezvimufushwa nhai! Asika kunewo kudya kwomweya, kunova iro shoko raMwari. “*Jesu akati kwavari, ‘Mashoko andinotaura kwamuri ndiwo mweya, uye ane upenyu’...ani naani anonzwa shoko rangi uye achitenda kuuyo akandituma, ano upenyu husingaperi uye haachazotongwi, abva murufu uye aenda kuupenyu.*” Apa zvichireva izvo kuti magwaro ose zvawo anopupura pamusoro paJesu Kristu ishe wedu [Johane 5:39].

Panezve chimwe chaaunofanira kubatisisa ipapa mudikani. Ishe havana kungoti ivo “shoko” chete. Vakati ivo “*shoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari*”. Shoko rimwe nerimwe riri muMagwaro rakakosha uye unofanira kurirava nokufunganya pamusoro paro. Vachitaura naJoshua, mwanakomana waNuni, muranda waMozisi, Jehovha vanoti ivo “*chenjerera kuti uteerere mirayiro yose yawakapiwa naMozisi, muranda wangu; usatsaukira kurudyi kana kuruboshwe, kuti ubudirire kwose kwose kwaunoenda*” [Joshua 1:7]. Pavhesi 8 muchitsauko chimwe chete Mwari vanoendererazve mberi vachiti, “*Bhuku iri romurairo harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa pamusoro paro siku nesikati, uye chenjerera kuita zvose zvakanorwa mariri, ipapo uchabudirira kwazvo [muupenyu hwako]*”. Mudikani, kumunhu wose zvake ari mukristu, Mwari vanoti “*Bhuku iri romurairo harifaniri kubva pamuromo wako.*” Shoko raMwari rakakosha zvikuru, uye mukristu wose zvake anofanira kurirava rose, kwete kurijobora – jobora sezvatagara tichiita zviya.

Chishuwo chaMwari ndechokuti shoko ravo tirirave rose sezvariri. Zvine ngozi hurusa, savanhu vaMwari kunogjobora-jobora nekungonhonga-nhonga, tichikanda nokunamatidzira mavhesi pose pose mudzimharidzo dzedu. Hongu angavapo mavhesi anopindirana hawo ayo tinokwanisa kusonedzera mudzimharidzo dzedu. Asika nguva zhinji tinofanira kuva nechokwadi chezvinenge zvichirehwa munyaya yatiri kukoponora nokunamatidzira mavhesi edu. Muchirungu vanoiti ivo “**context**”. Vara rokuti “**contextual**

question” rinotipa mubvunzo wokuti inyayai irikutaurwa nezvayo, kana kuti zvii zvanga zvichitaurwa nezvazvo zvinosanganisira nhundurwa yemavhesi awaya awakoponora nokunamatidzira mumharidzo yako? Somuenzaniso, mumwe muparidzi angangoomoka nokuvhumuka achiti iye maPisarema 14:1 na 53:1 inoti iyo **“Mwari hakuna”**. Muma hwekwe neveshi iyi ungangobvuma. Asi **context** inoti hazvisirizvo. Nemhaka yei ndicidaro? Nokuda kwokuti chipimo chevhesi iyi chinofanira kutorwa kubva payinotangira. **“Context”** yevhesi iyi inoti iyo **“Benzi rinoti iro mumwoyo maro ‘Mwari hakuna’**”. Munhu arikuti **“Mwari hakuna ibenzi”**. Iyi ndiyo yavanoti **“context”**. Unenge watora pfungwa dzose munyaya yauri kuverenga nezvayo. Naizvozvo zvakakosha savaparidzi kuti tisanogozvuzvurudza mevhesi pose pose, mukukanyarudza Mharidzo dzedu, tichikanganwa nyaya iyoyi **“ye context”**. Kukanganwa ichi chinhu [context] kutyora kudzero huru yeshoko raMwari [**Biblical interpretation**]. Somuenzaniso ndiani wedu akomboti kana atambira tsamba kubva kumudiwa wake otanga nokuverenga mutsara wokutanga, hewo okwakuka achinoverenga mutsara wepakati, pedzezvo ochonjomara achinoverenga mutsara wokuguma. Hazvina musoro nhai? Ndizvo zvimwe chete nomuparidzi asinga teveri mutemo we**context**.

Chiripozve chakakosha mudikani chandinoda kuti ubatisise semuparidzi weVhangeri: **Mukristu mumwe nomumwe anofanira kuva neBhaibheri rake mbune**. Munyori kuvaPisarema anoti iye, **“Shoko renyu ndiwo mwenje wetsoka dzangu nechiedza chenzira yangu”** [119:105]. Murwendo rwechikristu, mumwe nomumwe anofanira kuva nemwenje wake uye sezvo tiri munyika yerima mumwe nomumwe anofanira kugara akazvibatira mwenje wake. Usamirira kuvhenekerwa kana kugaro kumbira mafuta kuna vamwe. Mukuverenga Shoko raMwari usasiye munyengetero. Munyengetero wakakosha zvikuru uye zvinofanira kuva tsika nditsikewo nokurava Shoko raMwari. Vakomana vemazuva ano vanoti **“isimbi yebasa”**, munamato zvechokwadi **“isimbi yebasa”**. Mukurava Shoko raMwari, Mwari vanenge vachitaura newe, mumunamato newewo unenge uchitaura naMwari. Mwari vanozviratidza kwatiri kubudikidza noMweya wake. Mweya unonzvera zvinhu zvose kunyange zvakadzika dzika zvaMwari. **“Nokuti ndianiko pakati pavanhu anoziva pfungwa dzomunhu kunze kwomweya womunhu uri mukati make? Saizvozvowo hapana munhu anoziva ndangariro dzaMwari kunze kwoMweya waMwari. Kuti tizive ndangariro dzaMwari tinofanirakukumbira Mweya Mutsvene kuti ave ndiye mudzidzisi wedu. Nokuti ndiye ari pedyo naMwari uye ndiye chete anokwanisa kutidzidzisa nokutidudzirira zvokwadi zvomweya namashoko omweya”** [1 VaKorinde 2:6-15].

Chimiro CheBhaibheri...?

Bhaibheri rine mabhuku makumi matanhatu anamatanhatu [**66 Books**], zvitsauko chiuru chine zana namakumi

masere anepfumbamwe [**1,189 chapters**], mavhesi ane zviuru makumi matatu nechimwe nezana rimwe chete [**31,100 verses**] uye namanzwi angangosvika 777,133, apa takatarira bhuku re King James’ Version sokuverenga kweboka reGideons International. Rakanozokamururwa kuva zvikamu zviviri, Testamenta Yakare [**Old Testament**], iyo ine mabhuku makumi matatu nepfumbamwe [**39 Books**] uye yakanyorwa kunyanya nerurimi rwechiHebheru. Kwozovawo neTestamente Itsva [**New Testament yakanyorwa zvakanyanya nechiGiriki neAramaiki**] iyowo ine mabhuku makumi maviri namanomwe [**27 Books**]. Shoko rokuti Bhaibheri [**Bible**] rinobva painzwi rechiGreek rinoti **“Biblia”** iro rinoreva mabhuku. Kana riri rimwe tinoti **“Biblion”**. Kanapo ikozvino nokuda kwokushanduka shanduka kwemitauro vanhu vave kutora shoko rokuti **“Bhaibheri”** sebhuku rimwe, kumatangiro inzwi rokuti Bhaibheri raireva chidura chidiki chamabhuku [**Small Library-Bibilia**].

Bhuku rimwe nerimwe romuBhaibheri rakanokamururwa kuva muzvitsauko (**chapters**) izvo zvakaizwa naCardinal Hugo mugore ra1250. Zvitsauko izvi zvakanotseketudzawazve kuva zvindima zvindima [mavhesi] mugore ra 1551 navaRobert Stephens [Robert Etienne]. Chaunofanira kubata ndechokuti mavhesi haana kunyat-sobata zvakati kwesere. Zvakangoitirwa chete kuti zvive nyore pakuverenga. Kana ukatarira pakanyorwa kuti **“Zviri mukati (Indexes)”** kumatangiro kweBhaibheri rako uchaona mudodorongwa wamabhuku omuBhaibheri akanyorwa. Uchaonazve kuti mamwe mabhuku ane zvikamu zviviri kana zvitatu: somuenzaniso **muSungano yakare (Old Testament)** muna Samueri wokutanga nowechipiri, Madzimambo, uye navaKoronike zvimwe chetezvo, ndizvo zvimwe chetezvo, ukuwo muTestamente Itsva (**New Testament**) muna VaKorinde, Theseronika, Petro naJohane.

MARONGERWO AMABHUKU OMUBHAIBHERI...

1. Bhaibheri rinotanga namabhuku mashanu omurayiro [**Five Books of The Law**]. Aya anobva pana Genesisi kusvika pana Dheteronomi, uye anozivikanwawo nezita rokuti **“The Pentateuch”**. Inzwi rokuti Pentateuch rinoreva **Magwaro Mashanu Akapetwa [The five scrolls]**. Dzimwe nguva anozivikanwawo samabhuku aMozisi [**Books Of Moses**], nokuda kwokuti Mozisi ndiye mutambi mukuru uye anewo zvizhinji zvaakanyora mumabhuku iwaya. Mabhuku Mashanu aya akakosha zvikuru kwazvo muchitendero chavaJudha. Ndiwo mwongo wechitendero chavaJudha.

2. MaBooks of the Law aya anozoteverwawo nemabhuku enhoroondo [**History books**]. Ndiwo mabhuku anodonongodza nokurondedzerera rungano rwavaIsiraeri kubva parufu rwaMozisi, kubata matomu kwaJoshua, mwanaKomanawaNun, kupinda kwavo muKenani, nguva yeva-Tongi zvichingoenda mberi saizvozvo. [MaHistory Books anobva panaJoshua kusvika panaEsteri]. Pane fungidziro

huru yokuti mabhuku aya, zvikuru sei Makoronike, Samueri, Madzimambo and Ezira akanyorwa namupirista Ezira. [Tarira Makoronike 36: 22-23 naEzira 1:1-2 na7:6.]

3. Kubva mumabhuku enhoroondo [Historical Books] tinopinda mumabhuku eNhetembo neUngwaru, [Wisdom and Poetry Books]. Ayawo anobva pana Jobho kusvika paRwiyo rukuruRwaSoromoni [Songs Of Solomon]. Umu ndimo matinonyurura manzwi oungwaru nouchengeri muzvouwari. Mabhuku aya anotibatsira kuti tinorarama sei sevana vaMwari muupenyu hwedu hwezva nezuva. Sebuku yaJobhowo inotikurdzira kushingirira kana tikapinda mukuidzwa. Mumabhuku eNhetembo noUngwaru ndimozve madzinodandaurwa mbira nemi-dimbwa yokurumbidza Mwari hoshu nemitumba zvichidavirana. Ndimoka mune uchi nemukaka hwamadetembedzo anozivikanwa zvikuru akaita saana Mapisarema 23, 27, 119 na133. Muiimbi nomutambi mukuru zvikuru sei mubhuku ravaPisarema ndiDhavidha, mambo wavaJudha. Ishe ava vaifarira zvikuru kuimba nokutamba. Ndivoka vekumbotomuka-tomuka zvakadzoka zvosvota mai vokumba....

4. Patinobva muma Wisdom and Poetry Books tinopinda mu**Mabhuku echiporofita [Prophetic Books]**. Kune mabhuku mazhinjisa echiporofita [Gumi namanomwe, 17] ari MuTestamente Yakare, uye akaunganidzwa pamwe chete, kubva kuna muporofita Isaya kusvika kuna Maraki. Vanhu vazhinji nhasi kana vachitaura nezvechiporofita vanongofunga nezvekutaura pamusoro pokufembera zvichauya. Vamwewo ndovanofunga kuti prophecy [uporofita] kuudziwa zita rako, mazita ehanzvadzi dzako uye neruvara rwebhurugwa romukati rawakapfeka. Asika chiporofita chomubhaibheri chinopfuurira ipapo. Vaporofita vekare vaitaura shoko raive rabva kunaMwari, kwete pamusoro paramangwana chete asiwo kuti Mwari vanoti kudii nougaro hwavo panguva iyoyo. Kazhinji kazhinji vaitanga kana kuyambira namashoko anoti “Zvanzi izvo naJehovha (Thus saith the Lord...)” zvichireva izvo kuti vaive vachitaura sokureva kwaJehovha Mwari wavo. Mabhuku echiporofita akakamururwawo kuva muzvikamu zviviri: Vaporofita vakuru navadiki [Major and Minor Prophets]. Vaporofita vakuru [Major Prophets] vanobva pana Isaya kusvika pana Dhanieri, vadikiwo [maminor prophets] vachizobva pana muporofita Hosea kunowira pana Maraki. [Ungangoda kuzivawo kuti muBhaibheri rechiJudha (Hebrew Bible) Mozisi, Joshua, naSamueri vanotonzi vaporofita, naizvozvo mabhuku avo muHebrew Bible vaporofita.] Chimwezve chaunofanira kubatisisazve nechokuti ukuru nouduku hwavaporofita huri pauwandu hwezvitsauko kwete, mumbiri nouhwitakwi hwomuporofita.

Mabhukuwo omu**Sungano Itsva [New Testament Books]** akakamururwawo kuva muzvikamu zvina zvinotevera:

1. Mabhuku eVhangeri [The Gospels]: Aye anobva

panaMateo kusvikira panaJohane. Kunyange zvazvo kune mabhuku mana eVhangeri bhuku rimwe narimwe rino-taura nyaya yaJesu kubva pamaonero akasiyana, uye rimwe narimwe rine nzira yaro yarinotaura naro nyaya yacho. Mateo akaisa pamwe chete dzidziso dzaJesu asi akarere-kera zvikuru kuvaJudha nekuzadzikisa kweJesu chiporofita ukuwo Mako anotaura nyaya yake zvakajeka asi achiti kurumidzei; Ruka anonyora zvikadzidza nounyanzvi pamusoro pavanhu vazhinji vanowanikwa munyaya yaJesu uye akatora nguva yake kubvunzurudza vanhu ivava. Ndiyewo akanyora bhuku yaMabasa Avapositori [verenga Ruka 1 vs 1 uchienzanisa naMabasa 1:1]; bhuku raJohane rakati siyanei mbijana namamwe mabhuku eVhangeri, izvo zviripachena kubva pavhesi yokutanga. Zvishamiso zvaJesu mubhuku yaJohane zvinonzi zviratidzo (**signs and wonders**), Jesu haatauri ne ‘zveumambo’ asi ‘zvoupenyu husingaperi’. Mubhuku yaJohane kutaura uku kwokuti “Ndiri [I am]” kunowanikwa kakawanda, uye kuonekwa kwaJesu mushure mokumuka kwake kubva kuvakafa kunobuda zvakajeka. Verenga chatsauko 21.

2. MuTestamende Itsva bhuku renhoroondo (Historical Book) nderimwe chete Mabasa Avapositori (**Acts**), iro rinopa nhoroondo yamabasa akaitiwa nevateveri vaJesu Kristu [vapositori] iye asiya ino nyika. Chikuru chatinowana mubhuku iyi yaMabasa Avapositori, ndochokuti vapositora vakakwanisa kuita mabasa ose aya mushure mokugamuchira simba kubva kumusoro. Mabasa 1:8: *“Asi muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu, uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, uye kusvikira kumigumo yenyika”*.

3. Nhorondo iyi inozoteverwa nedziTsamba (Epistles): Idzi dzinobva panavaRoma kunosvika patsamba yaJudha, mukoma waJesu. Tsamba idzi dzinozo patsanurwawo kuva muzvikamu zviviri: Chikamu chokutanga ndeidzo dzakanyorwa namupositori Pauro [**Pauline letters**, dzinobva panaVaRoma kusvika pana Firimoni], pozovawo nedzakanyorwa navamwe vanyori vakasiyanasiyana [**maGeneral letters**]. Idzi dzinobva pana VaHebheru kusvika panaJudha. Mupositori Pauro ndiye mutambi mukuruwo zvakare ndiye akanyora tsamba zhinji, idzo dzinosvika gumi nanhatu, [13].

VAHEBHERU...

Hazvinyatsozivikanwa kuti ndiani (**author**) akan-yora tsamba iyi, uye kuti yainyorerwa kunaani (**audience or recipients**). Vamwe vanoti ringangodaro rakanyorwa naBarnabas, Ruka, Apollos kana kuti Priscilla naAquila. Idzi ifungidziri chete, chokwadi hapana anonyatsoziva. Munyori haana nguva yokuti udza izvozvo. Asika sezvo dingindira romunyori riri Temberu nemitambo yavaJudha [**Temple and Festivals**], izvo zvaiva zvinongedzero zven-guva yechiKristu yayiuya, zvingangodaro kuti vaverengi varo vaiva vaJudha [VaHebheru] vaive vatendeukira kunaKristu.

Chimwezve chaunofanira kubatisisa ndechokuti mutsamba iyi vara guru rakakosha nderokuti “nani [better]”. Vara iri rinosimudzwa kakawanda kwazvo. Mariri Jesu anotorwa **seari nani** uye mukuru muna zvoze. **Arinani** kuna Moses, **arinani** kuna Abhera zvichingoenda zvakadaro. Sakani vaHebheru ibhuku rezviri **nani**. Mukurivernga zvechokwadi uchabvumirana neni kuti zvechokwadiwo Kristu ari nani. Muchikamu chinotevera mufundisi Zivai vachatarira zvakadzama bhuku ravaHebheru nokuti iri bhukuravaHebheru rakagukuchira uchi noudobo dobo hwedzidziso pamusoro pounani hwaKristu.

4. Chiporifita: Chiporifita chomuTestamende Itsva (**New Testament Prophetic Book**) ndiZvakazarurwa iro rinovawo bhuku rokuguma mubhaibheri Shoko raMwari. MuchiNdau bhuku iri rinonzi “Chakapangidzirwa”.

Chinofadza nebhuku iyi yaZvakazarurwa ndechokuti rinogumawo namashoko aya okuti, “Nyasha dzaIshe Jesu ngadzive navanhu vaMwari. Amenii.” [22:21]. Tsamba iyi yakanyorerwa Kereke dzinomwe dzokuEzha diki dzinorehwa namazita adzo pakutaurwa kwamashoko anobva kuna Ishe Jesu muzvitsauko 2-3. Zvakazarurwa yakanyorwa panguva apo vatendi vaishungurudzwa zvikuru nokuda kwokutenda kwavo. Mashoko aro ndeekuruziro kudziKereke uye neuporofita hwenguva inouya.

Naizvozvo vadiwa vadikani kusvikira tasangana muchinyorwa chinotevera rangarira kuti “*kutenda kunouya nokunzwa, uye kunzwa shoko raMwari*” [VaRoma 10:17] somucheche achangoberekwa rambai muchipanga mukaka wakachena womweya kuti mugokuriswa nawo muruponeso rwenyu sezvo makaravira kuti Ishe vakanaka [1 Petro 2:2].

Simba Romuchinjikwa

Uchapupu hwaRichard Langworthy

Ndakatangira iri basa rokufudza Kereke mugore ra1978. Iyi yaive Kereke yemaPentacost yaitungamirwa zvaive zvakangofanana nezvemunguva iyo iya. Mufudzi aitorwa somushandi weKereke zvakare ukuwo kwaiva nedare ramakurukota eKereke (Church Board) raisanganisira vatariri navadhikoni vaisarudzwa muchita cheKereke. Taive tisina ruzivo *rwakazara* pamusoro pokushandira pamwe chete uye kuti basa ravatariri navadhikoni raiva rei.

Izvi nguva zhinji, zvaitungamirira kukukakavadzana nekudhonzera sezvo ndaizoguma ndoshanda nevamabhizimusi [kana vaye vakadzidza] vezvenyika sezvo varivo vaive vakasarudzirwa muzvigarozvapamusoro muKereke savatariri navadhikoni uku vasina mwoyo inotsva nokutenda mubasa ravo roushandiri. Kunosvika mumakore okuma 1980s uko takazokwanisa kunatsurudzwa utungamiri hweKereke yedu zvinoenderana neShoko raMwari. Kereke yakange yave kutungamirirwa nechikwata chavatariri chaishanda pamwe chete neni *somufudzi*, vose vaive vakatakura kudanwa kwaMwari muupenyu hwavo ukuwo madhikoni vaive varume navakadzi vaishanda vachitsigirana navatariri. Zvakangodaro ini ndaive ndichingori mufudzi mukuru, uye mutariri wose aishanda maringe nebasa [ministry] rake. Naizvozvo taive nevarume vaishanda pamwe chete muKereke, mumwe namumwe achibatira paakadanirwa *muushumiri*. Bva pakavazve nedambudziko rakati kurei. Taive tisingazivi zvazvinoreva kushanda pamwe chete sechikwata [Team work]. Izvi zvakakonzeresa kushushikana, kupaturana, nokusabatana muKereke. Mugore ra1989, seKereke, takazovhura mwoyo yedu kudzidziso neutungamiri hwava positori (*apostolic teaching*). Takazovhurirwa tikazviona kuti nheyo kwayo chaiyo (*foundation*) yaifanira kuvapo muKereke medu uye kuti nheyo iyi yaifanira kuvapo kubudikidza nokuzvipira kwedu kuushumiri hwavapositori.

Ndipo patakavhurwa mese edu sevatumgami kuko-sha kwokumira pamwe chete naKristu. Zvakare ndipozve patakaona kuti hapana chataiziva maringe nebasa guru romuchinjikwa kana kuti kuvimba nebasa romuchinjikwa. Kanapo taivada zvikuru Ishe vedu, mumwe namumwe aiva neundingoveni mubasa rake pano kukuendeka kwakanaka kwezvinhu muchikwata kana muKereke. Chokutanga, pasati pavakiwa chikwata ichi, mumwe namumwe anofanira kuzviramba nokufa kupenyu hwake, zvikuru sei mubasa rake roushumiri. Zvaive zvisisina kufanira kuvanda seri kwezita rebase rangu somufudzi. Ndingangoti ini nhengo imwe naimwe inofanira kuzvipira upenyu hwayo nechidano chayo kuti zvishandire pamwe chete muchikwata ichi chavatariri, vakazvimisira kutsigirana mumwe kuno mumwe.

Apo ukama hwedu neushumiri hwechipozitori hwa-karamba huchikura nesuwo takatanga kunzwisawo kuti isu savatumgami takadanirwa kushandira Kereke uye nekukurawo pazvomweya. Kutaura kwandiri kuita kuno nhasi, tiri chikwata chenhengo dziri kushanda noushamwari pamwe chete mumifungo nemweya mumwe chete. Tinonzwisisa zvikuru kuti tine zvipo zvakasiyana asika zvipo izvozvo hazvisiri zvedu kuti tizvitutumadze asi kuti zvombo zvokushandisa kukudza Muviri waKristu. Tino mufaro nokutenda zvikuru nembewu yakasimwa nokujekeserwa kwakaunzwa muupenyu hwedu neshumiro yezvokwadi iyi yechipozitori [*apostolic ministry*]. Hadzisingori nheyo chete dzaKristu nokuroverwa kwake dzakasimwa muuKereke medu, asiwo kuti tave nhengo dzechikwata chikuru chine zvipo zvakasiyasyana nemabasa akasiyanasiya vari kushandirana mumwe kuno mumwe muushumiri hwechipozitori hwakashandiswa naMwari kupachinangwa nokudzikama kuKereke.

“Zvino akapa vamwe kuti vave vaapostora, vamwe voporofita, vamwe vaivhangeri, vamwe vafudzi navadzidzisi.

Kuti vatsvene vakwanisirwe basa ravo rokushumira, nerukuvaka muviri waKristu; kudzimara isu tose tisvike pauhumwe hwokutenda nokuziva Mwanakomana waMwari, napamunhu wakura, nepachiyero choukuru hwokuzara

kwaKristu; kuti tirege kuramba tichingova vacheche, tichizungunuswa nekudzingwa nemhepo ipi neipi yokudzidzisa nekunyengera kwavanhu, namano, kuti vatsause nekunyengera... [VaEfesu 4:11-14].

Nhangiro Yokutenda

Ndakanyengetera zvikuru ndichikumbira kutenda [faith] uye ndine pfungwa yokuti [iko] kutenda kuchandirova somupande wemvura unobva kumusoro. Kutenda hakuna kuuya saizvozvo. Nerimwe zuva ndakarava mubhuku yavaRoma chitsauko chegumi. “Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raKristu.” [Pakunzwa izvi angu meso akavhurika]. Pandainyengeterera kutenda ndaive ndakavhara Shoko raMwari kutenda hakuna kuuya. Asi panda kazotanga kurirava ndiyowo yakave nhangiro yokutenda kwangu uyewo nanhasi kutenda kuri kungokura.

– NaD. L Moody

Huchapupu HwaWitness Mzizi...

Zita rangu ndinonzi Witness Mzizi. Ndirikuona michero yeUshumiri Hwakapetwa Kashanu [Five Fold Ministry] muupenyu hwangu uye nemuKereke yandinotungamira. Ushumiri uhwu hwabatsiridza zvikuru mukushandurudza upenyu hwangu *nesangano randinotungamirira*. Ndavhurirwazve zvikuru kwazvo kuzvakavanzika zviri mune iyi Ivhangeri. Zvaunzazve dzidziso yakarungiwa zvakanaka yaJesu Kristu, iyo yabatabatawo zvakanaka muupenyu kusanganisira magariro angu semurume werudzi rwechiNguni/Ndebele, muchato wangu uye nemhuri yangu. Ndadzidza kusango chimbidzotaura-taura, asi kuvavarira kuda mudzimai wangu sokuda kwakaita Kristu Kereke yake; kumubatsiridza nokumukwenenzera pose apo anokoniwa; kwete kugarokwikwidzana nomudzimai wangu asi kutotenda Mwari netsvarakadenga yomudzimai uyu muupenyu hwangu.

Ivhangeri inozvarwa neHushumiri Hushanu Hwavapositori uhwu yandibatsirazve kurarama upenyu hwokuzviramba, kufa kuzvose zvangu neshuviro dzangu uye zvikuru sei paya pandinofungidzira kuti ndiri mugwara kwaro, kutungamidza mudzimai wangu munazvose, kumuchengetedza, kumuumbiridza muzvishuviro zvake, uye kuva baba vakarurama pamweya sezvinoshuvirwa nevana vangu. *Kubudikidza neIvhangeri iyi* ndirikugaro kurudzirwa kuzvirambira mudzimai nemhuri yangu, kutakura muchunjikwa wangu uye kutevera mutsoka dzaJesu Kristu, ndichiziva kuti kana ndikarasikirwa noupenyu hwangu nokuda kwake nhasi, *chokwadi* ndichahuwana mukusingaperi.

Ushumiri Hushanu hwandibatsirawo zvikuru mumashandiro angu muzvemabasa angu emabhizimusi. Ndinotenda Mwari zvikuru kwazvo nenyasha nechikonzero chokuti miedzo inogara yakatarirana neni. Handizati

ndasvika hangu asika ndinoshingairira zuva nezuva nemwoyo mumwe chete wokuzviramba uye kuvavarira kufananidza upenyu hwangu neupenyu hwomuponesi wangu Ishe Jesu Kristu.

Pakasvika Ushumiri uhwu hwavapositori muKereke yedu makore makumi maviri apfuura ayo ikapihwa chinzvimbo chayo zvakaunza kugadzikana kukurusa. Vafundidi vakange vasinga kwanisi kushanda pamwe chete uye vachidhonzera Kereke kumativi akasiyana vakange voshada pamwe chete, nokuda kwenheyo iyo ariKristu yakange yadzikwa. Hatisati tambosangana nokutsemuka kwesangano kubvira ipapo. Utungamiri hwose hwaramba hwakabatana, ukuwo chikwata chevatariri nemadhikoni chiri kuramba chichikura pamweya sezvo vakasarudza kuisa upenyu hwavo paAritari uyewo vakazvininipisa kushanda kwomuchinjikwa muupenyu hwavo. Rurasarura ganda nekunyenyeredzana samarudzi kwose kwakaparadzwa. Mumwe muchero weShumiro iyi yavapositori muKereke ndewekuona rusarura rwose ruchiparadzwa uye vanhu vachiuya mukusununguka nokubatana pamwoyo. Hewunoi munana mukuru!

Ushumiri hwavapositori hwakaunza kubatana mukutenda, muchinangwa uye nokukura mukutungamira Kereke neupenyu hwedu.

“*Wanika izipho zakhe ukuba abanye babe ngabaphostoli, abanye babe ngabaprophethi, abanye babe ngabavangeli, labanye babe ngabelusi bebandla, abanye babe ngabafundisi, ukuze abangcwele baphelelesilwe umsebenzi ngokukhonza, ekhwakhiweni komzimba kaKristu, size sifinyelele sonke ebunyeni bokukholwa lasekwazini iNdodana kaNkulunkulu, lasebuntwiniobupheleleyo obulinganisiwe ngesimo esigcweleyo sikaKristu...*” [Kwabase-Efesu 4:11-13].

ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. Tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda (2 Timoti 3:16).
2. Tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).
3. Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigarro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.
4. Tinotenda kuti, kuti pave noruponeso kuvakararika, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zviku-ru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).
5. Tinotenda muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararama upenyu hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).
6. Tinotenda mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).
7. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).
8. Tinotenda kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasaruudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengererera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; Psarema 122:6).

Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asika nhau dzinofadza ndedzokuti Jesu akatiripira charango chorufu ichi nokufa kwake pamuchinjikwa; “namavanga ake takaporeswa” [Isaya 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, kana kuraramazve muzvivi [VaRoma 6:11-14]; zviku-ru sei kana takareurura zvivi zvedu kwaari uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38, 39; VaRoma 10:9, 10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Mukutenda bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira kufa norufu. “Nokuti vose vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwaMwari” [VaRoma 3:23]. “Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu” [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi zvako, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. “Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngonzi, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwirwa” [Isaya 55:7].
3. Mukutenda “kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo” [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu saIshe noMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. “...Kana ukapupura Nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa” [VaRoma 10:9].
4. Gara maari Jesu. “Saka naizvozvo, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe naMuponisi wako, ramba uchifamba Maari, munemidzi yenyu nokuvakwa kwenyu maarimakasimbiswa pakutenda, sezvamakadzidziswa...” [VaKorose 2:6].

Chinangwa Chedu Ndecheyi?

1. Chinangwa chikuru che”Mharidzo Yokuuya Kwake” ndechokurumbidza Mwari kuburikidza nemutsurudzo pamweya, pakati pevanhu vaMwari, iyo inozoonekera nokumukawo pamweya kwevakarasika. Mharidzo yedu ndeiyi: “Ino yave nguva yokutsvaga uso hwaMwari nokururama kwake, kusvikira auya kuzonayisa utzvane hwake pamusoro pedu” [Hosea 10:12].

2. Mharidzo, inopazve mukana kuinzwi rechiporofita, rakafanira nguva yatiri, iro rinodandzira kuvanhu vaMwari kuti vadzokere mukuzvininipisa kunaMwari; “Tsvakai Jehovha achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo. Tarirai kuna Jehovha nokusimba rake, tsvakai chiso chake nguva dzose” [Isaya 55:66; Ps. 105:4].

3. Mharidzo inonyengeterera nokushuwira zvikurusa kudururwa kwamafashamo oMweya Mutsvene “pamusoro panyama yose” naizvozvo inokurudzira Sungano nekuwadzana kwavatsvene vaMwari mukunyengererera iyi mutsiridzo. “Kana vanhu vangu, vanodanwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanamata, vakatsvaga chiso changu, uye vakatendeuka kubva panzira dzovo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga, ndicharegererera zvivi zvavo uye ndicharapa nokuporesa nyika yavo” [2 Makoronike 7:14].

4. Mharidzo Yokuuya Kwake haina Kereke kana sangano rayakarerekera, naizvozvo inophiwa kuna ani naani anenge akumbira, uye inotambirawo rubatsiro kubva kuna ani naani anenge adavira kukufemera kwaMwari “Uyo anopa, achabudirira; uye uyo anomutsiridza vamwe achamutsiridzwawo” [Zvirevo 11:25].

5. Mharidzo Yokuuya Kwake inonyengeterera nokukurudzira hupenyu hutsvene mukurarama kwevana vaMwari, kuvimbika munazvose, kuzvininipisa panaMwari uye kushingairira muushumiri hweivhangeri yomuchinjikwa. “Asi saiye akakudanai ari mutsvene, ivai vatsvene pane zvamunoita zvose; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ivai vatsvene, nokut: ini ndiri mutsvene” [1 Petro 1:16].

Bhaibheri . . . Shoko RaMwari

Ko nhai mudikani? Waizviziva here kuti Bhaibheri [Shoko raMwari] ndiro bhuku rinotengwa kupfuura mamwe mabhuku ose zvawo uye kuti ndiro bhuku chete rinoverengwa zvakanyanya kupfuura mamwe mabhuku ose mupasi rose? Zvakare waizviziva here kuti, Bhaibheri rinotaurwa nezvaro kupfuura zvimwe zvinyorwa zvose uye kuti ndiro rinonyanya kushanda pamitauro, tsika uye nemirairo yedu kupfuura bhuku ripi zvaro rakadhindiswa. Asika kana zvakadaro zvazvo, vanhu vazhinji vanofunga kuti Bhaibheri rine mutauro wakaoma zvikuru kuti munhuwo zvake arinzwisise. Vamwe vanoty, kana vachiona makuriri eBhaibheri, uye vamwe ndovasinga tarisiri kuona chinhu chingavabatsira kubva muBhaibheri Shoko raMwari pamatambudziko ose zvawo atinosangana nawo savarume navakadzi. Asika, imbozvibvunzawo kuti, nemhaka yeiko Bhaibheri rakava nomukurumbira mukuru kudai? Mhinduro ndeyinoti: Nokuti mariri Mwari anotaura nezvematambudziko edu uye anopawo mhinduro kumibvunzo yatingava navo. Jesu vakati “*Uyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa uye muchawana zororo. Takurai joko rangu, mudzidze kubva kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo remweya yenyu*” [Mateo 11:28-30]. Waiwana mhinduro yacho kubva mukuremerwa nekuneta kwako? Jesu vanoti: “*Takurai joko rangu, udzidze kubva kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa. Uchawana*

zororo remweya wako.” Mutsamba yake Mupositori Petro akanyorawo achiti, “*Kandirai pamusoro pake kwose kufunganya kwenyu kwose nokuti anochengeta*” [1Petro 5:7]. Kunyange zvazvo Bhaibheri riri bhuku rakare, uye richiita serakaoma, Mharidzo yaro inokosha kwazvo uye inoenderana nenguva ino yatiri kurarama. [Verenga Timoti weChipiri chitsauko 3 na 4]. Ndokusaka richiramba riri pamusoro uye pamberi pamukurumbira waro. Bhaibheri shoko raMwari, rine manzwi oupenyu, riverenge nhasi mariri uchawana zororo nemhinduro kubva kuna Mwari mumatambudziko ako. Kana uchitanga kuverenga **Bhaibheri** nhasi, rega ndikunyevere kuti ungangotanga nokuverenga bhuku raMako kana raJohani, uye wozoverenga bhuku yaMapisarema. Kumabhuku elvhangeri Mako anopa nhorondo youpenyu hwaJesu. Johani anopawo nhorondo yaJesu, asi nama-mwe maonero akati siyanei zvishoma navamwe vanyori, asika ndiwo mabhuku akanakisa kwazvo kutanga nawo. Ungangodawo kuzoverenga tsamba kuva Roma, iyo yakanyorwa namupositori Pauro uyo aiva mutungamiri muchiKristu mumazuva okutanga, kana Mabasa, nhorondo inofadzwa yamazuva okutanga ekereke payakatanga ichiri diki, uye nezvevanhu vakabatsira kuparadzira nyaya yaJesu nedzidziso yake munyika yose yaitongwa navaRoma. Ndapota verenga Bhaibheri rako nhasi, ugonzwa uchi nemukaka huri mariri...

Heanoi manzwi anotapira akanyorwa nomumwe

mudzidzisi Mukuru pamusoro peBhaibheri Shoko raMwari: “Rakatakura mifungo yaMwari, chimiro chemunhu, nzira yoruponiso, maperero evanotadza uye mufaro wevanotenda. Dzidziso dzaro dzitsvene, mirairo yaro yakakwana, ngano dzaro ndedzechokwadi uye mashoko aro haashanduki. Riverenge, uchawana njere neungwaru, tenda kwariiri uchawana ruponiso, ita zvarinotaura ugova Mutsvene.

Rine chiedza chokukutungamirira, kudyu kunogutsa mweya uye nyaradzo dzinokusimudzira. Munongedzo kuariparwendo, mudonzvo kuano svetukira, munongedzo kumuchairi, monondo kumurwi uye chitenderano chikuru kumutendi. Mariri Paradhiso inodzorerwa, Denga rinozarurwa uye masuwo eHadhesi anoshaiswa simba. Kristu ndiye musoro wenyaya, rakamisirwa kunaka kwedu uye kukudzwa, nokubwinya, kwaMwari ndiwo magumo aro. Ngarizadze ndangariro, ritonge mwoyo uye ngaritungamire tsoka dzako. Riverenge zvinyoro-nyoro, nguva iri yose uye uchinyengetera. Mugodhi woupfumi, iparadhiso

yokubwinya uye chitubu chokudekara. Rinopihwewe muupenyu, richazarurwa pazuva rokutongwa uye richarangarirwa nokusingaperi. Rinobatanidzira kutumwa kukuru, richapa mubayiro kune mushandi mukuru uye richapa mhosva kune anochapaza mitsetse yaro inoera. “*Murayiro waJehovha wakakwana unomutsiridza mweya. Zvirevo zvaJehovha zvakavimbika, zvinopa njere kuna vasina mano. Zvirevo zvaJehovha zvakarurama, zvinopa mufaro kumwoyo. Murayiro waJehovha unopenya, unopa chiedza kumaziso. Zvakatongwa naJehovha ndzvechokwadi uye zvole zvakarurama. Zvinokosha kupfuura goridhe, kupfuura goridhe rakanatswa; zvinotapira kupfuura uchi, kubfuura uchi hwabva muzinga. Muranda wenyu anoyambirwa nazvo; pakuzvichengeta pano mubayiro mukuru*” [MaPisarema 19:7-11].

“*Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene*” [Mabasa 20:32].

Shoko RaMwari Rakakosha Zvikuru

NaAndrew Murray

[Nhungamidzo: Chinyorwa chinotevera, chakapindirirwa nokunatsurudzwa kuti shoko nenhuna dzomunyoridzinyatsonzika. Mavara *akatetepera* kana **kukora** ndeakawedzeredzwa nomupepeti kuti zvinyatsonzika. Mwari vakuropafadzei pamunoverenga]

“*Munhu haangararame nechingwa bedzi asi neshoko rimwe nerimwe rinabva mumuromo waMwari*” [Mateo 4:4].

Muenzaniso unoshandiswa nalshe wedu wakadzama zvikuru, apo shoko raMwari rinofananidzwa nekudya, chingwa chedu chezuva nezuva. Chingwa chakakosha zvikurusa kuupenyu hwedu tose. Hatingararami kana tisinacho, tose izvi tinozviziva. Hazvinei kuti uri chamangwiza akaita sei, kana ukasadya muviri unorukutika, uye upenyu hungangoguma. Zvakangodarawo neshoko raMwari. Rine udosvi, kakuzodzwa kedenga, kano shanda zvinesimba kuavo vose vanotenda.

Chingwa chinofanira kudyiwa... Ndingave neruzivo rwakawanda *sei* pamusoro pechingwa; Ndigova nacho chingwa kana kuti ndigopawo vamwe; Ndingave nacho mumba mangu uye chigoti tekeshe pamatafura angu, asi izvi hazvindikibatsiri *chinhu*; kana nourwere ndikasachidya. Ndinofa. Naizvozvowo ruzivo chete rweShoko raMwari, kana kuriparidzira vamwe hakubatsiri chinhu kana iwe usingadyi.

Hazvina kukwana kungofunga nezvaro, ndinofanira kudye Shoko raMwari, kuritora nokuriisa mumwoyo mangu. Murudo nokuteerera ndinofanira kutambira mashoko aMwari uye kuarega achibatatabata mwoyo wangu. Ndoopone manzwi oupenyu zvechokwadi.

Chingwa chinofanira kudyiwa zuva nezuva...

Zvinongodarawo **neShoko raMwari**. Munyoridze Mapisarema anoti iye, “*akaropafadzwa munhu anofarira murayiro waJehovha uye anofungisisa murayiro wake masikati nousiku*” [MaPisarema 1:2]. Agotizve “*Haiwa, ndinoda murayiro wenyu sei! Ndinoufungisisa zuva riri rose*” [MaPisarema 119:97]. Kutu ugova nesimba pamweya neupenyu **hwako**, Shoko raMwari rinofanira kukosheswa mumwoyo neupenyu hwako zuva nezuva.

Vachiri panyika ino Ishe wedu Jesu Kristu vakadzidza, kudisisa nokuteerera Shoko **raMwari** Baba. Kana uri kutsvaga kuyanana naye [Ishe Jesu], unomuwana chete muShoko rake [Bhaibheri]. Kristu vachakudzidzisa kuyanana naBaba kubudikidza neShoko **ravo**, sezvo yaive iri iyo tsika yavo. Uchadzidza, saiye, kuraramira kukudzwa kwake uye kuzadzikisa Shoko rake.

Tino Verenga Sei Shoko Ramwari...

Hezvinoi zviga, Mitemo yakapfava yatingashandisa pakurava **Bheibheri** Shoko raMwari.

Verenga Shoko raMwari Zvineruremekedzo... Imbofungisa, muchinyararire *zvakapomhodzwa* uye kwechinguvana chishomana kuti Shoko iri rawakatarisana naro rinobva kuna ivo Mwari pachavo *uye* rinobva pamuromo wavo. Pflugama hama mururemekedzo rukuru. Imbonyarara, zvineruremekedzo, pamberi paMwari. [Shoko ravo rakakosha] Rega vakuzarurire Shoko ravo mukati-kati mumwoyo wako.

Verenga nokunzvera kukurusa... Ukaverenga manzwi zvineuchapa [zvisina kuzvityora, uchifunga kuti haiwa uchabata dudziro dzawo nepfungwa dzako uye

nokufungawo kwavamwe vanhu, chenjerera ungango shandira zvisipo, uye haukwanisi kuzopindiwo muudzamu-dzamu hwepfungwa dzavo **Mwari**. [Somuenzaniso] Kana mumwe munhu [ngatiti ari mudzidzisi] akaedza kutitsanangurira unaku nekukosha kwechimwe chinhu, [isu sevadzidzi vake] tinoedza zvikuru sei kuteerera nokunzwisisa izvo zvaari kuda kutiudza. Ko Shoko nepfungwa dzaMwari hadzina kupfuura ndangariro dzedu uye dzomunhu *uyu* here. “*Sokukwirira kwakaita matenga kupfuura nyika, saizvozvowo nendangariro dzangu kupfuura dzenyu*” [Isaya 55:9]. Tinofanira kumupa kuteerera kwakaperera zvikuru kubata nokunzwisisa tsananguro dzemweya.

Nyengeterera kutungamirwa neMweya Mutsvene pose paunoverenga Shoko raMwari... Mweya Mutsvene chete waMwari ndiye angaita kuti Shoko rive benyu nesimba mudzihana noupenyu hwedu. Verenga Mapisarema 119 unzwe udobo-dobo huri mairi maringe neShoko raMwari. Nyatsonzwisisa manyengeterero anoita Davhidhi kuti Jehovha vamudzidzise, uye nokuvhura meso ake uye kumupa kunzwisisa kuti agorekere hana yake kunzira dzaMwari. Paunoverenga rangarira kuti Shoko raMwari uye neMweya waMwari hazviparadzani [zviri pamwe chete vamwe vagoti ibhanhire nebhurugwa].

Verenga Shoko une chinangwa chokurichengeta muhana neupenyu hwako siku nesikati... Upenyu hwose nemwoyo wose unofanira kuva pasi peShoko raMwari. Davidha anoti iye, “*Haiwa, Jehovha ini ndinoda mirayiro wenyu sei! Ndinoufungisisa zuva rose*” [MaPisarema 119:97]. Naizvozvowo mubikitira rezuva nezuva, mutendi anofanira kuchengetedza Shoko **raMwari** mumwoyo make uye nekurifungisisa nguva dzose. Verengazve Ps 119, kusvikira wagashira Shoko raMwari muhana yako uye nyengeterera kuti urinzwisise uye ugoita zvarinotaura muupenyu hwako.

Shoko Nemunyengetero (Munamoto)...

“*Chengetedzai upenyu hwangu, imi Jehovha, zvakafanira Shoko renyu*” [MaPisarema 119:107].

Munyengetero [munamoto] neShoko RaMwari, hazvimbofaniri kuparadzani, zvinofanira kufambidzana. MuShoko, Mwari vanotaura neni; mumunyengetero ini ndinotaurawo naMwari. Kana pachifanira kuva nekudyidzana kuzere, ini naMwari tinotofanira kuva mudariro. Kana ndikangonyengeterani, ndisingashandisi Shoko raMwari, ndingangozo gumaka ndoshandisa dzangu pfungwa nemanzwi. Izvi zvinopa munyengetero simba, kuti ndinotora nokutaura pfungwa dzaMwari kubva mushoko rake ndodziyanika kwaari, pamberi pavo uye saishu wangu. Saizvozvowo ndinokwanisa kunyengetera zvinoenderana neShoko rake Mwari.

Tariraiwo kukosha kweShoko mumunyengetero yezvokwadi uye iya ine simba. Pamunyengeterero ndinofanira kutsvaga kuziva Mwari zvakanwana uye zvakanzira. Mweya Mutsvene agondipa mifungo yakatwasuka nekuswatuka

pamberi paMwari kubudikidza neShoko ravo Dzvene. Shoko rinondizaruriwo utadzi neumamvemve hwangu **panaMwari**. Rinondizarurirawo zvishamiso zvingaitwa naMwari mandiri nesimba raanokwanisa kundipa kuti ndiite kuda kwake.

Shoko rinondidzidzisawo kunyengeterera – *kunyengetera* kunesimba, kutenda *uye* nokutsungirira. Shoko **raMwari** haringondidzidzisi chete zvandiri, asiwo *izvo* zvandingave kubudikidza nenyasha dzake Mwari. Pamusoro pezvo Shoko rinondiyeuchidzawo zuva nezuva kuti Kristu ndiye mumiriri pakunyengetera *kwangu* uye ndiye anondibvumira kunyengeterawo muzita nesimba rake. O mutendi wakristu, dzidza ichi chidzidzo chikurusa, kumutsurudza nokuvandudza simba rako zuva nezuva muShoko raMwari, kuti ugoneyengeterera zvinoenderana nokuda kwake.

Tinofanira kunyengetera patinorava Shoko raMwari – kuti tizive nokunzwisisa Mwari, kunyengeterera kuti kubudikidza neMweya Mutsvene ndigoziva Shoko raMwari – munyengetero wokuti ndigoona, muShoko kuti Kristu ndivose muzvose, uye vachava zvose mandiri. Yakakomborerwa Nzvimbo tsvene-tsene, umo ndinoswedera panaMwari munakristu kubudikidza neShoko nemunyengetero. Apo ndinopira upenyu hwangu kunaMwari uye kubasa rake, uye ndichisimbiswa neMweya Mutsvene, kuti rudo rwake rugoparadzirwa mumwoyo mangu zvakanze kuti ndifambe murudo rwake zuva nezuva.

“*Bhuku iri romurairo harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa pamusoro paro siku nesikati, uye chenjerera kuita zvose zvakanzira mariri, ipapo uchabudirira kwazvo [muupenyu hwako]*” [Joshua 1:8].

– Kubva mubhuku “*God’s Best Secrets*” naAndrew Murray.

Ukama naJehovha...MaPisarema 23

Jehovha-Rohi uye ndiye wangu mfudzi,
Hapana chandinoshayiwa ndineyu mufudzi.
Anondivatisa pasi pamafuro manyoronyoro,
Anondisedza pamvura inozorodza nyoro.
Wangu mweya anourapa nekuuporesa;
Panzira dzokururama nokuda kwezita rake,
Ririroga-roga zuva anongondifambisa hake.
Zvirokwazvo, kunyange ndikafamba mumupata.
Wezvakaipa, kana womumvuri rufu, handitongotyi.
Yenyu Tsvimbo nomudonzvo zvinondinyaradza.
Tafura munondigadzirira pamberi pevadzivisi vangu;
Neano nuhwira mafuta munozodzazve musoro wangu,
Unopfachukira wangu mukombe pavadzivisi vangu.
Zvirokwazvo nyasha dzenyu dzichanditevera,
Neunyororo hwenyu mazuva ose huchanditevera,
Iniwo ndichagara muimba yaJehovha nekusingaperi.

Tonyengeterera Mutsurudzo

naBessie Porter Head

O! Mweya woupenyu, huya utsvairire pakati pedu,
Yako Kereke mutsiridza neupenyu uye nesimba;
O! Mweya woupenyu, uya, chenesa utiite vatsva zvedu,
Paino nguva, yako Kereke ukwanisire nesimba!

O! Mweya waMwari, uya utikombamise nokutivhuna,
Kusvikira mukuzvinipisa zvatina tareura;
Muunyororo hwako utiite vatsva seeshiri manyana,
Mutsiridza, dzoredzera, ingawani tanyengetera!

O! Mweya worudo, uyo ufemere imo matiri,
Mifungo, kwedu kuda nemwoyo ushandure;
Uya, iwe Rudo rwaKristu, patsva utitore,
Munazvose umutsiridze rako Sangano iri!

O! Mwoyo waKristu, uyo wakaputsikiresu,
Apo patiwana kusimbiswa nezororo isu,
Yakaputsika nokupwanyika yedu mwoyo yozorora,
Chiita yenyu Kereke ikomborerwe yakamirira!

Timutsurudzei nhai Ishe! Kushingairira kwoderera here,
Yatochena kuti ipupurwe, iyo minda iya yakakura?
Timutsiridzei nhai Ishe! Nyika yakatimirira;
Chishongedzai yenyu kereke, chiedza iparidzire.

CHIZIVISO CHAKAKOSHA

Ewoi ewoi kwamuri mose vaverengi veMharidzo Yokuuya Kwake. Ikozvino mave kukwanisa kuverenga nekubura [download] bepa renyu padandemutande rein-daneti. Ikozvino zvave nyoresa kuverenga bepa renyu padzimbozharunhare, muri parwendo mubhazi kana muchi-kochikari, uye muchifudza henyu mombe nembudzi.

Heanoi matanho amunofanira kutora kuti mukwan-ise kuverenga Mharidzo paindaneti. Shandisai kero inoti: heraldofhiscoming.org kuti mupinde papeji redu reHerald Of His Coming. Kana mave munharaunda yeHerald Of His Coming bayai bhatanisi rakanzi Languages. Kana mapinda bayazve bhatanisi rakanzi Shona Language, mobva matopinda mumudodorongwa wemamagazini akare neazvino. Sarudzai henyu iri ipizvayo magazini yamunoda kuverengera ipapo kana kukoponora monozviverengera mava mberi. Ndapota torai mukana uyu, hama dzangu kupfuudzirawo zvinyorwa zvedu kuvose vamunofunga kuti vangakomborerwa nazvo. Kana muchidawo Mharidzo paWhatsApp, tumirai namba dzerunhare paidzi dzinoti +263 772 929 673.

Inguva Ipi Yatinofanira Kuva Nemutsurudzo?

Kana tave kunyanya kufarira-farira zvevitambo kupfuura nguva yokunyengerera tichitsvaga uso hwaMwari noum-ambo hwake. Kana toona zviru nani kunoukira mutambo webhora pane kuno sangana paminamoto navamwe vatsvene. Kana zvinhu zvose zvinaita sezvinofamba zvakanaka.

Kana topedzera nguva yedu zhinji takatarira maTV noku-verenga mabhuku ezvenyika pane kudzidza nokurava Shoko raMwari.

Kana zvova nyore kupedzera mari nesimba pane zve-mafaro tichirasa nokukanganwa nezvouvambo hwedenga. Apo tinenge topedzera nguva pane zve-makuhwa nesham-wari dzedu pane kuyanana naMwari.

Kana kuenda kuimba yaMwari kusisa kosheswa kwoita sokunosvota. Kana toita zvokuzvuzvurudzwa kuenda kui-mba yomunyengetero.

Kana tisisadi kubvuma zvivi muupenyu hwedu. Mwoyo yaomarara uye tokakatirana namwari kana vachitudzwa zvit-adzo zvedu. Kana tisisatori shoko romuranda waMwari zvakadzama.

Kana kunyegeterera nokurumbidza rangove basa romu-romo kwete zvinobva muhana. Kana hana dzatonhora, mweya yotonhora uye rudo rwakadzika rwoperavedza kuna Jesu tangove zvitunha zvinofamba.

“Ko hamungatimutsiridzi here, kuti vanhu venyu vago-fara mamuri” [Mapisarema 85:6].

– naEleanor McKinney

“Ndinovonga Kristu Jesu Ishe wedu, akandi-pa simba, akati ndakatendeka, akandiisa pabasa rake. Kunyange zvazvo ndaimbomhura Mwari ndiri mutambudzi nomunhu wokumanikidza, ndakaitirwa ngoni nokuti ndakazviita mukusazi-va uye nomukusatenda. Nyasha zhinji dzaIshe wedu dzakadururwa pamusoro pangu, pam-we chete nokutenda norudo zviru muna Kristu Jesu. Herino shoko rezvokwadi rinofanira ku-tendwa kwazvo: Kristu Jesu akauya munyika kuti aponese vatadzi, ini ndiri mukuru wavo. Asi nokuda kwechikonzero ichochi ndakaitirwa ngoni kuitira kuti mandiri ini mutadzi mukuru, Kristu Jesu aratidze mwoyo murefu wake usin-gaperi kuti ndive muenzaniso kuna avo vachaten-da kwaari uye vagowana upenyu husingaperi.”

– 1 Timoti 1:12-14